TEERE LEERAL NGIR IMIGRE YI DËKK NEW YORK

Dëkkub New York dafay jàppale képp ku fi dëkk, nga bawoo meneen réew am déet. Ngir mën a am ci ndimbal yiñ tekki ci 200 làkk, doo def ludul woote wala nga klike. **Këyit wii moo lay faram-fàcceel ni nga ko defee:**

NDIMBALU IMIGRE BI CI YOON

- **Wooteel ActionNYC 1-800-354-0365** Altine ba Ajjuma, 9 ci suba ba 6 ci ngoon te doo fay, ngir am ndimbalu imigre ci yoon gu wóor
- **Wooteel ci 311 te wax "citizenship appointment" (daje ak askan wi) wala nga dem ci NYC.gov/NYCitizenship** te doo fay, ngir sàkku bokk ci dëkk bi xelal ci xaalis ak ndimbal, ñu ngi bibliotek yiñ tànn ngeen mën fa dem
- Na ngeen moytu ñi naan dañuy liggéey ci wàllu imigrasioŋ ngir lekk seen xaalis. Su ngeen soxlaa ndimbal dem leen ci, awokaa buñ xam wala nit kuñ jox sañ-sañ bi te wóor. Soo amee laaj yu ci jëm, **woowal waa New Americans Hotline ci 1-800-566-7636** diggante 9 ci suba ba 8 ci ngoon, Altine jàpp Ajjuma

AAR AK DOOLEEL FAMIY YI

SÀMM WERGI-YARAM

Nit ku nekk soxla nga ndimbal, te warul di jéema demal boppam saa yu nekk. Opitaal wala dispanseer boo dem, te réew mi moom ko, mën nga fa faju te doo fay lu bari, moo xam ndax paj mu jamp la am déet. NYC Well serwis la bu suturlu te dila jàppale, ak di la taxawu sudee amoo leeral yi, ak di jox ay leeral képp kuy sàkku ndimbal ci wàllu feebaru xel wala ñi feebar ci dorog ci New York, dañuy liggéey guddi ak bëccëg, bis bu nekk ci at mi, duñu tëj, ñu tekki ko ci 200 làkk. **Wooteel ci 1-888-NYC-Well wala nga yónnee sms WELL ci 65173.**

TËYE XALE

Mën nañu la tëyeel sa doom doo fay dara, wala doo fay lu bari. Famiy yu néew doole yi te am xale yu am 6 ayu-bis ba 12 at mën nañu faj seen doon tre duñu fay lu bari, wala dara. **Demal ci NYC.gov/ACS wala nga woote ci 311 ngir am ci yeneen leeral.**

NJÀNG

Dugal leen seeni doom ekol. Xale bu nekk ci New York City amna sañ-sañ dugg ekol publik, moo xam looy làkk wala ndax doomu imigre la. Bépp xale bu tollu ci 4 at wala muy waaja am 4 at mën nañu dal ekol maternel bu ndaw bi te dina ñu mën a dugg ekol primeer suñu amee 5 at ba kerook ñu am seen lijaasa wala ba keroog ekol di tëj suñu amee 21 ciy at. Ngir dugg 3-K, Pre-K, wala daara DOE, **wooteel ci 311 wala nga dem schools.nyc.gov/enrollment.**

ÑAM AK DËKKUWAAYU WALLU

Néew ji doole ji mën nañu am luñu lekk te duñu fay. Amna ay barab yu may lekk néew ji doole ji ci NYC. Ndimbal li tuddu Homebase mën na jàppale nit ñi ba du jar ñuy dem ci këru làquwaay yi. **Demal ci NYC.gov/Homebase wala nga woote ci 311 ngir am ci yeneen leeral.**

SÀMM KAARAANGE WAA DËKK BI

KAARAANGE NIT ÑI

Dëkk bi tëralul ay yoon ci wàllu imigrasioŋ. NYPD du laaj imigre bi loru ay këyitam, du ko laaj seede yi wala yeneen nit yiy sàkku ndimbal. Képp koo xamni dañu la musa wan mbañeel, wala wóoru ko noonu, nanga jokkoo ak NYPD. **Ngir jokkoo ak ndaw yiy xeex ñaawtéefi bañ nit di waa poliis bu New York, wooleel ci 1-646-610-5267.**

AAR LA CI WÀLLU BODDI-XEET

Amul benn doomu New York bu wara dundu lii di boddi xeet, kenn waru leen singali te waru leen bunduxatal, ci seen dëkkuwaay wala ci barab yi ñépp bokk. Ngir dugal ab ñaxtu wala am yeneen leeral, **wooteel ci 311 wala nga woo NYC Commission on Human Rights ci 1-718-722-3131.**

WUTAL SA IDNYC TE DOO FAY – KÀRT DÀNTITE

Ngir am sa IDNYC, wutal ràndewu tay jii. Wooteel ci 311 te wax "IDNYC" wala nga dem ci NYC.gov/IDNYC. Képp kuy doomu New York te am 10 at jëm kaw mën nga am sa IDNYC te doo fay dara, dina la amal njariñ yu bari. IDNYC **du** jël say leerali këyit imigre, te kenn du wane leeral yi nga fay joxe. Dëkk bi dafay àar say leerali IDNYC fileek yoon sàkkuwul ñu joxe ko.

NYC Mayor's Office of Immigrant Affairs

Biro Office of Immigrant Affairs bu Maire bi yéen la fi nekk, mën ngeen jokkoo ci telefon, ci net bi wala demal sa bopp. Woote leen ci 1-212-788-7654 li ko dalee 9 ci suba ba 5 ci ngoon, Altine ba Ajjuma. Wala ngeen dem ci benn ci sunu ñatti NYC Immigrant Information Desks, mën nga leen gis ci NYC.gov/ImmigrantInfoDesk.

Rev. 03/2019 Wolof